

Pou Piblikasyon Imedya: 31/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

PREZANTASYON BIDJÈ ANE FISKAL GOUVÈNÈ CUOMO POU ANE 2020 AN: EPI NOU TE REYALIZE LI!

Gouvènè Cuomo: "Sa a se pwobableman plan eta a ki pi vas, ki pi konplè nou te kapab reyalize. Genyen yon kantite inisyativ nasyonal epi li vrèman touche pwoblèm difisil eta sa a ap fè fas vin depi lontan. Epi nou te fè anpil bon travay nan eta sa a, anpil bon travay ki te enfòm nasyon an epi mwen panse bidjè sa a pwobableman se deklarasyon pwogresif ki pi djanm nou te fè, epi li reyèlman abòde anpil kesyon difisil nou rankontre jodia."

Bidjè Ane Fiskal 2020 an Lite Kont Aso Washington sou Klas Mwayèn nan - Rann Plafon Enpo Fonsye a Pèmanan, Limite Depans a 2 pousan epi Redwi Enpo pou Klas Mwayèn nan

Sipòte Refòm MTA a ak Sous Revni Alontèm ki Enkli Dwa Peyaj nan Distri Biznis Santral

Ap Finanse Pwojè Imobilizasyon k ap Kòmanse nan Ane Fiskal 2020 an nan kad envèstisman San Presedan 150 Milya dola Gouvènè a pou Sipòte Pwojè Ensfrastrikti nan Eta a

Ogmante Èd Eskolè a Plis Pase 1 Milya dola, ki Mennen Total Èd Eskolè a a 27.9 Milya dola, epi Pwomouvwa Ekite nan Domèn Edikasyon pandan n Ap Akòde Priyorite ak Lekòl ki pi Pòv yo

Pwomilge yon Refòm Kle Jistis Kriminèl ak Eliminasyon kesyon Kosyon an, Retablisman Pwosè Rapid yo epi Transfòmasyon Pwosesis Dekouvèt la

Ranfòse Pwogram Aksyon Fanm yo pandan n ap Amelyore Aksè ak IVF ak Sèvis Konjelasyon Ze yo, Enstore Boukliye AntiVyòl pou Viktim Trafik Sèks epi Mennen Ankèt nan Inisyativ Lit Kont Mòtalite Matènèl

Kodifye Dispozisyon Lwa sou Swen Abòdab, ki enkli Mache Asirans Sante Eta a, Anndan Lwa Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia gran pwen nan Bidjè Ane Fiskal 2020 an. Bidjè a enkli plizyè politik istorik ki pral pote yon transfòmasyon radikal nan eta a ak pasaj pèmanan 2 pousan enpo fonsye ki te deja pèmèt Nouyòkè yo ekonomize 25 milya dola depi lè li te efekte premye fwa nan lane 2012 la; yon plan refòm estratejik Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) avèk yon kouran revni regilye pou finanse pwochen plan imobilizasyon pa mwayen Dwa Peyaj nan Distri Biznis yo (Central Business District Tolling); yon milya dola anplis pou soutni edikasyon,

ki mennen finansman total edikasyon an a 27.9 milya dola; ak sistèm istorik jistis kriminèl la, ki enkli refòm sistèm kosyon an, rapidite pwosè, ak pwosesis rechèch pou yon New York pi jis ak pi ekitab, pandan y ap konsève bidjè kwasans depans yo a 2 pousan pou nevyèm ane konsekitif la epi redwi enpo pou klas mwayèn nan.

VIDEO evènman jodia disponib sou Youtube isit la ak nan kalite fòm Televizyon (h.264, mp4) isit la.

ODYO evènman jodia disponib isit la.

FOTO evènman yo disponib sou paj Flickr Gouvènè a.

Yon transkripsyon sou videyo diskou Gouvènè a disponib anba:

Bon apremidi—sware. Tout bagay melanje nan yon moman. Nou vle ba nou plis detay sou bidjè a odela sinosis senk paj nou te bay la epi nou sèten nou tout etidye. Premyèman mwen vle voye konpliman m bay Oratè Carl Heastie ki te fè yon travay ekstrawòdinè, ak Lidè Sena a Andrea Stewart-Cousins. Sa a se pwobableman plan eta a ki pi vas, ki pi konplè nou te kapab reyalize. Genyen yon kantite inisyativ nasyonal epi li vrèman touche pwoblèm difisil eta sa a ap fè fas vin depi lontan. Epi nou te fè anpil bon travay nan eta sa a. anpil bon travay ki te enfòm nasyon an epi mwen panse bidjè sa a pwobableman se deklarasyon pwogresif ki pi djanm nou te fè, epi li reyèlman abòde anpil kesyon difisil n ap rankontre jodia.

Epitou mwen vle remèsye ekip mwen an. Apati ekstrèm goch la se, direktè Bidjè a, Rob Mujica ak konsèy la, Alphonso David ki te pran pwojè a anchaj epi ki te fè yon travay ekstrawòdinè. Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè a, ki te pran tout pwojè yo anchaj. Epi, Dana Carotenuto—si mwen genyen yon pwoblèm ak yon non Italyen, nou konnen se youn ki difisil—Carotenuto, ki te fè, premye ane l nan ekip la, li te fè yon bon travay, yon bon travay epi mwen vle remèsye l.

Bò kote Oratè a, LuAnn Ciccone ak Blake Washington ki te travay avèk mwen pandan anpil ane te fè yon travay ekstrawòdinè. Ak Shontell Smith ak Todd Scheuermann, ki te nan ekip Lidè Sena Andrea Stewart-Cousins. Se te premye fwa yo t ap fè sa epi fè yon bidjè, 175 milya dola pou eta New York la se petèt nenpòt bagay nou poko te janm fè anvan, kidonk se tankou yon eksperyans, endeskriptif epi yo te fè yon travay ekstrawòdinè, kidonk mwen vle remèsye yo.

Premye bagay mwen vle kòmanse avèk li se yon apèl pou pèspektif. Nou tout te nan batiman sa a pandan lontan. Epi sa se youn nan fason pou wè reyalite a. Men si nou fè yon pa dèyè, sa a se yon moman difisil pou gouvènman an. Se yon moman difisil pou Eta New York la. Nou te genyen divès fòs ak dinamis nan travay la. Nou kòmanse ak yon fòm aso federal Washington nan ak 2.3 milya dola sou plan ekonomik bidjè sa a. Pèt Amazon ak konsekans sa a. Bezwen kontini pou fè plis devlopman ekonomik nan eta sa a. Yon sistèm jistis kriminèl enjis depi plizyè deseni. Epi te genyen lavwa ochapit ak konferans de près, men pe te gen okenn pwogrè. Nan Sid vil New York, nou genyen yon pwoblèm trafik epi sa ap vin pi mal, konjesyon trafik la. Nou genyen yon MTA k ap mande refòm depi jou Gouvènè Rockefeller te kreye l la. Mwen kwè li pa te bon depi lè li te kreye a.

Nou genyen kondisyon meteyowolojik ekstrèm ak chanjman klimatik nou pa ka inyore. Sa mande yon atansyon imedyata epi li p ap rive de Washington, K ap viv nan pwòp eta l ki rele eta refi—51yèm eta. Epi nou genyen yon atmosfè politik ekstremis nou wè chak jou. Si nou genyen gwo pwoblèm, sa fè apèl ak gwo solisyon. Epi se de sa nou te pale de li Desanm pase a. Mwen te pwononse yon diskou, nou rele diskou FDR a, kote mwen te prezante pwogram ki pi anbisyè ak pi pwogresif ke eta sa a te konnen. Poukisa li te agresif konsa? Paske pwoblèm yo te osi difisil. Epi lè n ap gouvène, nou gouvène pou moman an. Nou gouvène pou moman an. Epi nou gouvène nan pi bon fason nou kapab jere sitiyasyon ki prezante nan moman sa a. Epi nan moman sa a, eta sa a ap fè fas ak plis defi mwen kwè nan nenpòt moman pandan tout lavi m. Pa konsekan sa se pwogram nan.

Nou te tabli pwogram pou 100 jou, ki genyen 20 pwen, 20 pwen enpòtan nan pwogram nan. Jodia se 90yèm jou nan peryòd pwogram 100 jou a. Epi pratikman, nou te akonpli tout eleman yo. Plafon 2 pousan enpo fonsye nou konnen. Sa te pèmèt Nouyòkè yo ekonomize 25 milya dola—jispanse ak sòm lajan sa a. Nou te desann to enpo klas mwayèn nan ankò a 300,000 dola, ki se yon vizyon laj klas mwayèn nan. Nou te di nou te dwe lite kont SALT. M ap fè tout sa mwen kapab pou lite kont SALT. Mwen te rankontre ak prezidan an, m ap travay sou òganizasyon Gouvènè yo nan peyi a. Nou te vini ak yon kantite altènatif pou SALT palentèmedyè kòd enpo gouvènman federal la te rejte a. Mwen t ap pale avèk Oratè Pelosi epi mwen pral kontinye lit sa a, mwen kwè ki se lit ki pi enpòtan pou eta New York la jiskaske nou reyalize l.

Prezidan Trump ap anile Lwa sou Swen Abòdab la (Affordable Care Act). Li pa gen okenn plan altènatif, li jis ap anile plan sa a. New York genyen yon gran pouvwa jiridik, paske nou reglemante sektè asirans lan. Epi nou te kodifye anpil pwoteksyon Obamacare, kidonk an depi de sa Prezidan Trump fè, nou konnen nou genyen yon pwogram swen sante nan New York ki pral pwoteje Nouyòkè yo. Kondisyon ki te deja egziste yo, 10 avantaj esansyèl pou sante, gratis, kodifikasyon mache asirans sante New York la, elatriye.

Nou te adopte sante repwodiktif, yo te pwomèt depi lontan. Epi nou te fè sa nan premye 30 jou yo. Nou te mete anplas yon pwogram fanm, nou te pwomèt, ki enspire de pwogram nou an pou fanm 2019 ki kouvri pou IVF ak konjelasyon ze, ki se yon avantaj majè pou fanm ki t ap fè fas ak pwoblèm sa yo. Koup ak fanmi yo t ap fè fas ak pwoblèm sa a. Li chè anpil. Epi nou te genyen fanmi ki pa te kapab pouswiv altènatif sa yo paske ekonomikman yo pa te kapab peye l. Li elaji boukliye pwoteksyon kont vyòl, li ogmante egzijans nan kesyonabri kont vyolans domestik epi li ogmante finansman pou lagad timoun ak 26 milya dola.

Pou sa ki konsène zam a fe, nou te adopte lwa Red Flag (Drapo Wouj) la, ki entèdi Bump Stock yo, te pwolonje Peryòd Datant pou acha yon zam a fe. Pou sa ki konsène enfrastrikti, nou deja nan mitan pwogram enfrastrikti ki pi agresif nan Etazini Damerik ak 100 milya dola, pou rekonstwi pwojè nan tout eta a epi reyèlman n ap reyalize l. Nou pral ogmante l a 150 milya dola nan bidjè sa a. Pi bon envètisman nan kesyon enfrastrikti pou peyi a.

Nou te pale konsènan MTA a. Mwen te fè yon prezantasyon nan New York epi mwen te di li gen de aspè ladan l. Se M&M, jesyon ak lajan. Mwen p ap mande Nouyòkè yo plis lajan pou MTA a amwenske mwen konnen genyen yon pi bon sistèm jesyon nan MTA a. Epi sa fè de. Mwen te prezante 12 refòm jesyon ki esansyèl nan premye prezantasyon m nan. Bidjè a entegre tout 12 nan refòm jesyon sila yo.

Fondamantalman, yo pral refè MTA a nan yon nivo nou poko janm wè depi Rockefeller te kreye l la. Nou ta ka menm di nou sou wout pou rekreye l paske tout sa Rockefeller te fè se fè de MTA a yon sosyete pòtfevè (holding company). Li te jis pran sosyete endividyèl yo, li mete l anba yon antèt. Sa te kreye pifò nan gaspiyaj ak inefikasite ak divizyon.

Nou pral konsolide MTA a toutbon. Lè sa a nou te bezwen yon sous finansman, tout moun ap pale de taksasyon anbouteyaj. Mwen fèk sot pale avèk yon repòtè ki saj anpil, sa pa vle di tout repòtè pa saj byennantandri nan pwòp jan pa yo, ki fè remake se Majistra Lindsey ak Gouvènè Rockefeller ki te pale de taksasyon anbouteyaj la an pratik pou premye fwa. Epi jodi a nou reyalize li. Premye eta nan nasyon an, epi li fèt kèk kote nan lemond, Sengapou Estokòlm Lonn, ankenn kote nan Etazini. Li fòme yon Distrik Biznis Santral (Central Business District), fè peye yon to pi wo pou pase nan Distrik Biznis Santral la. Li fèt pou redui blokis, rekòlte revni, revni an soti nan yon taks sou chato 5 milya dola, sa ki elimine avantaj taks sou Entènèt la, sa ki vle di n ap takse acha sou Entènèt sa k ap bay 5 milya dola. Epi apre sa dwa pasaj la, MTA pral tabli li nan ane k ap vini an lè nou fin tabli plan envestisman an epi nou konnen sa nou gen pou rekòlte. Bidjè a elimine tou avantaj taks sou Entènèt la, acha sa yo gen pou peye yon taks sou lavant kounye a, sa fè 5 milya dola.

Asistans pou lekòl monte nan pi wo nivo a, li 1 milya dola pi wo, epi gen plis transparans, plis jistis. Nan konbyen konferans de près w ale kote w tande plis finansman pou lekòl pòv, plis finansman pou lekòl pòv? Konbyen blòg w ekri, konbyen atik w ekri? Epi kisa ou fè toutbon pou sa? Nou te finanse distrik eskolè. Pa lekòl, distrik eskolè. Epi nou te kite distrik eskolè yo detèmine kijan y ap distribye finansman an. Epi sa nou vin dekouvri gras a fòmil transparans la se distrik eskolè yo pa t bay lekòl pi pòv yo plis lajan. Sa vle di nan bidjè a lekòl pòv yo dwe jwenn priyorite nan pwendvi finansman distrik la. Epi yo dwe pibliye chif yo sou ki kantite finansman yo bay lekòl yo ki andedan distrik yo a. Donk sa fè plis prezizeman pou lekòl pòv yo toutbon pase jan nou janm fè sa anvan. Agiman an jiskaprezan se sèlman plis lajan pou tout moun, men si se plis lajan pou tout moun alòs w ap bay distrik eskolè ki pi rich yo ki pa bezwen li plis lajan tou. Lè priyorite a se te toujou finanse distrik eskolè pi pòv yo, alòs poukisa w pa t di sa, poukisa w pa t di priyorite pou lekòl pi pòv yo. E byen, poutèt politikman sa difisil. Reprezantan yo vle garanti yo pote lajan pou tout lekòl. Si w kwè nan finanse lekòl ki pi pòv yo menm jan avè m, alòs di li epi fè li.

Refòm jistis kriminel istorik, 90 pousan moun yo akize yo ap rete andeyò prizon. Ou vle pale de yon mezi k ap chanje lavi, lavi toutbon pou moun. Yo se moun yo t ap voye nan Rikers Island nan Vil New York. Lè yo voye w nan Rikers Island, se kapab yon eksperyans ki chanje lavi w, e pa janm nan bon sans. Refòm jistis kriminel sa a di, elimine kosyonman an lajan kach, sa ki vle di lajan kach ak richès pa pran plas lajistis. Sistèm lajistis la pa janm te di 'epi apre sa n ap detèmine kiyès ki kapab al lakay li epi kiyès ki chita nan Rikers, dapre kantite lajan ou kapab rekòlte.' Sa se pa t lajistis. Sa

elimine bagay sa a. Nou pa t okipe deli grav vyolan yo, ki se minorite a an tèm chif, e se yon bagay nou pral kontinye travay sou li.

Refòm pou pwosè rapid la, refòm yo pou ankèt anteryè a, nou te adopte Lwa DREAM nan, nou te adopte Nouvo Akò Ekolojik la (Green New Deal) avèk obligasyon pi agresif, pi konsekan nan peyi an pou nou 100 pousan san kabòn disi 2040.

Entèdiksyon sou sache plastik la, ki fè m anchante anpil, sa te dwe fèt depi lontan, w ap kondui nan zòn lavil nan eta sa a epi w wè sache plastik ki pandye nan pyebwa tankou kèk dekorasyon Nwèl dwòl. Ou wè nan vwa navigab yo toupatou nan eta sa a, sache plastik. M ap peche a yon distans 64 kilomèt nan oseyan an epi w wè yon parad sache pastik sa yo ki annik ap flote la. Pa t gen nesesite, n eseye reyalize sa, nou fè l.

300 milyon dola pou Fon pou Pwoteksyon Anviwònman an (Environmental Protection Fund, EPF) epi 3 santim pri sache a, pri sache papyè a, al jwenn EPF, sa ki pral yon gwo ogmantasyon pou EPF. Nou te pale de dlo potab san danje, n ap mete yon lòt 500 milyon dola, kounye a se yon investisman 3 milya dola.

Amelyorasyon nan demokrasi, nou gen yon konje pou eleksyon eta a. Tout moun ap resevwa twazèdan konje peye pou y al vote. Eliminasyon restriksyon sou ouvèti biwo vòt yo nan lòt eta a. Poutèt yon rezon dwòl, nan lòt New York yo pa t kapab vote avèk menm orè ak fleksibilite sid New York la te kapab vote a. Y ap bay konte yo 10 milyon dola pou vòt pi bonè. Senkwonizasyon eleksyon federal ak eta yo. N ap otorize enskripsyon alavans pou minè, transfè inivèsèl enskripsyon an, vòt pa lapòs pou absan san eskiz, enskripsyon menm jou a. Donk, l ap pi fasil anpil epi n espere n ap gen plis moun ki vote lontan.

Nou te elimine echapatwa LLC yo, epi finansman piblik la se yon modèl nasyonal. Mwen kwè sistèm finansman piblik nou an ap vin sa ki pi bon nan Etazini. Gen senk oswa sis lòt eta ki deja fè finansman piblik, n ap pi gran eta a ki fè finansman piblik. N atribye 100 milyon dola pou sistèm sa a. Komisyon an pral retounen an Desanm avèk yon sistèm kontrent, sòf si Kò Lejislatif la adopte yon lwa ki rejte sistèm sa a oswa chanje sistèm sa a. Donk disi fen ane a, n ap gen yon modèl finans piblik.

Pwoteksyon mouvman sendikal la te eleman 16 nan ajenda a. Ankò, m ap suiv ajenda Desanm lan Zack te aprann pa kè lè sa a, paske se efikasite ak serye sa a li pote nan pòs li a. Donk li konnen sa se nimewo 16, men pami toulè 20, nimewo 16 te pwoteksyon sendika sektè piblik yo. Avèk Janus nou te fè l. Nimewo 17 se te lojman bon mache. Nou gen yon plan lojman bon mache 20 milya dola, se li ki pi gran nan istwa Eta a.

Adopsyon Lwa sou Viktim ki Timoun yo (Child Victims Act). Amèn. Marge Markey, li te isit la anvan anpil nan nou, men li te annavans sou epòk li. Li te yon Manm nan Asanble a ki te pouse sa, pouse sa, pouse sa. E li te gen rezon. E sa te reyalize e sa li di se 'menm si w se yon enstitisyon pisan nan sosyete sa a, kapab gen jistis kanmenm, e jistis ap fèt'.

Nou te adopte GENDA pou pwoteje kominote LGBTQ a epi nou te fè li an menm tan nou te kenbe responsabilite fiskal. Se yon ogmantasyon 2 pousan nan depans, n ap kontwole depans nan eta sa a kounye a depi nèt lane konsekitif, epi nou wè rezilta yo

nan devlopman ekonomik la. Gen plis djòb sektè prive nan eta sa a pase jan te janm genyen, gen plis djòb sektè prive pase jan te janm genyen. Pwen, fen fraz la.

Nevyèm fwa, bidjè konsekitif alè. Rete plis pou fè toujou, lè nou konn jan kèk moun nan sal la sinik. Pami 20 eleman nou te ekspoze yo an Desanm, kisa nou pa fè? Nou pa legalize kanabis, pou granmoun pran kanabis. Dezi politik lan la, mwen kwè n ap arive fè li. Li konplike pou vini avèk yon pwogram ki fè li epi pwoteje sekirite piblik, epi pote otonomi ekonomik pou kominote yo ki peye pri a. Epi pi bon jan pou fè li an pa t nan prese bidjè a. E se pa yon nouvo bagay, n ap pale de li depi plizyè semèn. Men se sèl bagay nan lis la nou poko rive sou li.

Nou toujou gen pou fè règleman sou lwaye, nou ta renmen mete lwa sou salè kouran an ajou, sa yo rele pwojè lwa sou travo piblik la. Men, mwen chita nan sal sa a, devan plizyè douzèn mikwo, epi mwen di gen sèten priyorite nan bidjè sa a. E wi, nou te vle pou bidjè a fèt alè, men nou te vle yon bon bidjè. Epi nou di se konsa nou defini yon bon bidjè. Se matematik, epi chif yo dwe gen sans, epi li pa kapab yon lis swè pou Nwèl k ap fè eta a fè fayit. Chif sa yo, finansman pou edikasyon se apeprè kote nou te pwopoze li.

Se yon bidjè ki gen entegrite fiskal toutbon. Mwen te di nou te gen pou fè taksasyon anbouteyaj. Nou fè l. Nou te gen pou fè refòm jistis kriminel, ki te difisil pou fè. Mwen vle bat bravo pou Manm Asanble Latrice Walker ki te itil toutbon ak konstrikstif anpil, epi ki te konprann tansyon yo, epi te itil anpil pandan tout pwosesis la. Nou te bezwen yon plafon pèmanan pou taks sou pwopriyete a, ki te lakòz kontwovès tou, epi anpil moun pa t vle fè l. Men li esansyèl pou moun ki andeyò vil la k ap peye taks sa a, taks sou pwopriyete a. Yo sou tansyon poutèt taks sou pwopriyete yo gen dwa monte poutèt gouvènman federal la ak SALT. Li te esansyèl pou di yo taks sou pwopriyete nou yo sou kontwòl omwen sou bò eta a.

Epi nou te di nou bezwen yon sistèm finans piblik, n ap pale de li depi kont tan, li lè pou fè l. E nou fè l. Plis pase tout bagay, gouvènman mache. Se te yon ajenda konsekan, agresif, difisil. Nou te fè ajenda anvan sa kote nou te gen youn oswa de gwo bagay. Epi nou te konsantre sou jwenn youn oswa de gwo bagay. Egalite maryaj, salè minimòm 15 dola. Sa a gen senk oswa sis gwo pwoblèm alontèm difisil nou gen pou okipe, epi l okipe yo yon jan ki responsab fiskalman. Se eta sa a ki pi pwogresif. Nou tabli sa. Mwen kwè avèk plan sa a nou nan tèt nasyon an tou an tèm inovasyon, ak konstrikasyon, ak refòm.

Epi mwen vle remèsye kòlèg mwen yo nan kò lejislatif la, ki ankò gen nan tèt li Oratè Carl Heastie, ak Lidè Sena a Andrea Stewart-Cousins. Sa pa t yon bagay fasil. Se te yon bagay difisil. Men bagay difisil yo se sa ki bon yo, pa definisyon. Li fasil pou nou mete bagay difisil yo sou kote. Li fasil. Epi se pou sa yo se kesyon difisil yo. Paske yo te mete yo sou koute ane apre ane, apre ane, apre ane. Poukisa? Paske okenn moun pa te vle ranmase yo. Paske yo te kontwovès epi difisil. Wi, nou la pou fè sa ki difisil yo, paske sila yo se sa nou dwe reyalize yo. Refòm MTA a. Fè taksasyon anbouteyaj. Fè refòm jistis kriminel. Gade soufrans ki genyen nan Rikers chak jou, ane apre ane. Epi okenn moun p ap fè anyen pou amelyore sa. Fini ak sa. Rezoud sa. Se sa nap fè.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)